# XII. ORTASHA AYLIQ IS HAQI

**Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqı**

*(2022-jıldıń yanvar-iyun ayları jaǵdayına)*

2022-jıldıń yanvar-iyun aylarında Qaraqalpaqstan Respublikasında ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqı 2985,5 mıń sumdı quradı.

Bunda is-haqıǵa ústeme, sıylıqlaw, xoshametlew, túrindegi tólemler, kompensaciya hám islemegen waqıt ushın haq tólewler kiritilgen, sonday-aq onıń quramında fizikalıq shaxslardıń dáramat salıǵı, sociallıq qamsızlandırıw hám kásiplik awqamına tólemler de bar.

2022-jıldıń yanvar-iyun aylarında Qaraqalpaqstan Respublikasında ortasha aylıq is haqınıń eń joqarı muǵdarı Nókis qalasında 4016,9 mıń sumdı, (Respublikadaǵı ortasha aylıq is haqına salıstırǵanda 134,5 %), Qońırat rayonında 3333,4 mıń sumdı (111,7 %) hám Taqıyatas rayonında 3024,8 mıń sumdı (101,3 %) quradı.

**Yuridikalıq shaxslarda islewshiler sanı hám miynetke haqı tólew tárzinde esaplanǵan dáramat**

*(2022-jıldıń yanvar-iyun aylarında awıl xojalıǵı kárxanaları hámde kishi isbilermenlik subyektlerinen tısqarı)*

| | Islewshiler sanı, adam | Miynetke haqı tólew tárzinde esaplanǵan dáramat, mlrd.sum | Ortasha aylıq is haqı, mıń sum |
|---|---|---|---|
| **Respublika boyınsha jámi** | **159 856** | **2 863,5** | **2 985,5** |
| sonnan : | | | |
| Sanaat | 15 264 | 379,3 | 4 141,3 |
| Qurılıs | 2 050 | 32,1 | 2 609,4 |
| Sawda | 959 | 15,2 | 2 648,6 |
| Tasıw hám saqlaw | 7 270 | 176,5 | 4047,3 |
| Jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler | 76 | 1,3 | 2 836,3 |
| Málimleme hám baylanıs | 1 133 | 23,5 | 3461,4 |
| Bank, qamsızlandırıw, lizing, kredit hám dáldálshılıq | 2 907 | 129,4 | 7421,0 |
| Bilimlendiriw | 77 474 | 1 141,1 | 2454,7 |
| Den sawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmetler kórsetiw | 26 702 | 416,4 | 2 599,1 |
| Mádeniyat, kewil ashıw hám dem alıw | 2 713 | 39,0 | 2393,0 |
| Basqa xızmet túrleri | 23 308 | 454,5 | 3250,1 |

**Ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqı**

*(2022-jıldıń yanvar-iyun aylarında awıl xojalıǵı kárxanaları hámde kishi isbilermenlik subyektlerinen tısqarı, mıń sum)*




Respublika boyınsha ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqı 2985,5 mıń sumdı qurap, ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 12,2 % ke ósken.

Ortasha is-haqınıń joqarı kólemi ekonomikalıq xızmet túrlerinen bank, qamsızlandırıw, lizing, kredit hám dáldálshılıq tarawında 7421,0 mıń sum (Respublikadaǵı ortasha aylıq is haqısına salıstırǵanda 2,5 mártege joqarı), sanaat tarawında 4141,3 mıń sum (Respublikadaǵı ortasha aylıq is haqısına salıstırǵanda 38,7 % ke joqarı), Tasıw hám saqlaw tarawında 4047,3 mıń sum (Respublikadaǵı ortasha aylıq is haqısına salıstırǵanda 35,6 % ke joqarı), hámde Málimleme hám baylanıs tarawında 3461,4 mıń sum (Respublikadaǵı ortasha aylıq is haqısına salıstırǵanda 15,9 % ke joqarı) ekenligi gúzetildi.





**Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha**
**ortasha aylıq nominal esaplanǵan is-haqı**
*(yanvar-iyun aylarında awıl xojalıǵı hám kishi isbilermenlik subyektlerinen tısqarı, mıń sum)*

| | *2021-jıl* | *2022-jıl* | *Ósiw páti, % te* |
|---|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **2661,4** | **2985,5** | **112,2** |
| Nókis q. | 3507,5 | 4016,9 | 114,5 |
| *rayonlar:* | | | |
| Ámiwdárya | 2003,0 | 2077,4 | 103,7 |
| Beruniy | 2047,9 | 2340,8 | 114,3 |
| Bozataw | 1826,6 | 2109,6 | 115,5 |
| Qanlıkól | 2068,3 | 2410,0 | 116,5 |
| Qaraózek | 1936,9 | 2145,8 | 110,8 |
| Kegeyli | 2255,9 | 2653,4 | 117,6 |
| Qońırat | 3012,5 | 3333,4 | 110,7 |
| Moynaq | 2004,1 | 2195,1 | 109,5 |
| Nókis | 2285,5 | 2813,2 | 123,1 |
| Taqıyatas | 2800,3 | 3024,8 | 108,0 |
| Taxtakópir | 2170,1 | 2179,0 | 100,4 |
| Tórtkúl | 2210,5 | 2462,9 | 111,4 |
| Xojeli | 2322,2 | 2637,8 | 113,6 |
| Shımbay | 2232,4 | 2513,6 | 112,6 |
| Shomanay | 2188,6 | 2288,7 | 104,6 |
| Ellikqala | 2232,0 | 2471,1 | 110,7 |

**Is haqı**. 2022-jıldıń yanvar-iyun aylarında ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha is haqı analizi tómendegilerdi kórsetpekte.

**Bilimlendiriw tarawında** 1460 shólkemde 77474 (jámi xızmetkerlerge salıstırǵandaǵı úlesi 48,5 %) xızmetker islegen bolıp, olarǵa esaplanǵan is haqı fondı 1141,1 mlrd. sumdı (jámi is haqı fondındaǵı úlesi 39,8 %) quraǵan. Usı tarawda islewshilerge esaplanǵan ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqı 2454,7 mıń sumdı quraǵan bolıp, 2021-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 11,7 % ke ósken.

**Bilimlendiriw tarawı boyınsha**
**ortasha aylıq nominal esaplanǵan is-haqı**
*(2022-jıldıń yanvar-iyun aylarında kishi isbilermenlik subyektlerinen tısqarı)*

**Joqarı oqıw orınlarında**
**5259,2 mıń sum**

**Orta arnawlı kásip-óner bilimlendiriwde**
**2159,7 mıń sum**

**Jámi**
**2454,7 mıń sum**

**Ulıwma orta bilim beriw**
**2622,8 mıń sum**

**Mektepke shekemgi bilimlendiriw**
**1413,5 mıń sum**





**Sanaat** tarawında háreketlegi **82** kárxanada **15264** (jámi islewshilerge salıstırǵanda úlesi 9,5 %) xızmetker islegen bolıp, olarǵa esaplanǵan is haqı fondı **379,3** mlrd. sumdı (jámi is- haqı fondındaǵı úlesi 13,2 %) quradı. Sanaat tarawında islewshilerge esaplanǵan ortasha aylıq nominal esaplanǵan is-haqı **4141,3** mıń sumdı quraǵan bolıp, 2021-jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 0,8 % ke ósken.

**Sanaat tarawı boyınsha ortasha aylıq nominal esaplanǵan is-haqı**
*(2022-jıldıń yanvar-iyun aylarında kishi isbilermenlik subyektlerinen tısqarı mıń sum)*




Usı tarawdaǵı ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqı kórsetkishlerin Respublika aymaqları boyınsha alıp qarasaq, yaǵnıy ortasha aylıq is haqınıń joqarı muǵdarı Nókis qalasında 7916,4 mıń sumdı (Respublikadaǵı ortasha aylıq is haqına salıstırǵanda 91,2 % ge joqarı), Moynaq rayonında 7203,8 mıń sumdı (174,0%), Taqıyatas rayonında 5311,3 mıń sumdı (128,3 %) hám Nókis rayonında 4234,8 mıń sumdı (102,3 %) quraǵan bolsa, Beruniy rayonında 1340,4 mıń sumdı (32,4 %), Shımbay rayonında 1459,8 mıń sumdı (35,3 %), Ellikqala rayonında 1564,3 mıń sumdı (37,8 %) hámde Qanlıkól rayonında 1817,6 mıń sumdı (43,9 %) qurap, basqa aymaqlarǵa salıstırǵanda kem muǵdarǵa iye bolmaqta.




**Den sawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmetler kórsetiw** tarawında 92 shólkemde 26702 (jámi islewshilerge salıstırǵanda úlesi 16,7 %) islewshiler bolıp, olarǵa esaplanǵan is-haqı fondı 416,4 mlrd. sumdı (jámi is-haqı fondındaǵı úlesi 14,5 %) quraǵan. Usı tarawda islewshilerge esaplanǵan ortasha aylıq nominal esaplanǵan is-haqı 2599,1 mıń sumdı qurap, 2021-jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 15,0 % ke ósti.

**Den sawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmetler kórsetiw tarawı boyınsha ortasha aylıq nominal esaplanǵan is-haqı**
*(2022-jıldıń yanvar-iyun aylarında kishi isbilermenlik subyektlerinen tısqarı mıń sumda)*




Usı tarawdaǵı ortasha aylıq nominal esaplanǵan is-haqı kórsetkishleri Respublika aymaqları boyınsha alıp qaraytuǵın bolsaq, ortasha aylıq is-haqınıń joqarı muǵdarı Shımbay rayonında 3010,3 mıń sumdı (Respublikadaǵı ortasha aylıq is haqısına salıstırǵanda 115,8 %), Beruniy rayonında 2787,1 mıń sumdı (107,2 %), Qanlikól rayonıda 2728,4 mıń sumdı (105,0 %) hám Nókis qalasında 2727,4 mıń sumdı (104,9 %) quraǵan bolsa, Bozataw rayonında 2011,8 mıń sumdı (77,4 %), Shomanay rayonında 2295,8 mıń sumdı (88,3 %) hám Ámiwdárya rayonında 2318,4 mıń sum (89,2 %) dı qurap, basqa aymaqlarǵa salıstırǵanda kem muǵdarǵa iye bolmaqta.



**Bank, qamsızlandırıw, lizing, kredit hám dáldálshılıq tarawı** ekonomikalıq taraw túrinde 75 shólkemde 2907 (jámi islewshilerge salıstırǵanda úlesi 1,8 %) islewshi islegen bolıp, olarǵa esaplanǵan is haqı fondı 129,4 mlrd. sumdı (jámi is-haqı fondıdaǵı úlesi 4,5 % ti) quraǵan. Usı tarawda islewshilerge esaplanǵan ortasha aylıq nominal esaplanǵan is-haqı 7421,0 mıń sumdı qurap, 2021-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 25,8 % ke ósti.

**Bank, qamsızlandırıw, lizing, kredit hám dáldálshılıq tarawı boyınsha ortasha aylıq nominal esaplanǵan is-haqı**
(*2022-jıldıń yanvar-iyun aylarında kishi isbilermenlik subyektlerinen tısqarı, mıń sumda)*




Usı tarawda ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqı kórsetkishlerin Respublika aymaqları boyınsha qaraytuǵın bolsaq, ortasha aylıq is-haqınıń joqarı muǵdarı Nókis qalasında 8681,2 mıń sumdı (Respublikadaǵı ortasha aylıq is-haqısına salıstırǵanda 117,0 %), Ámiwdárya rayonında 7869,7 mıń sumdı (106,0 %) quraǵan bolsa, Taxtakópir rayonında 5338,5 mıń sumdı (52,6 %) hám Shomanay rayonında 5367,0 mıń sumdı (72,3%), Qaraózek rayonında 5553,6 mıń sumdı (74,8 %) quraǵan bolıp, basqa aymaqlarǵa salıstırǵanda kem muǵdarǵa iye bolmaqta.

**Ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqınıń ótken jıldıń saykes dáwirine salıstırǵanda ósim páti**
*(2022-jıldıń yanvar-iyun aylarında awıl xojalıǵı hám kishi isbilermenlik subyektlerinen tısqarı % te)*




*mıń sum*

**Sanaat**
**4141,3**

**Bank, qamsızlandırıw, lizing, kredit hám dáldálshılıq**
**7421,0**

**Qurılıs**
**2609,4**

**Bilimlendiriw**
**2454,7**

**Sawda**
**2648,6**

**Den sawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmetler kórsetiw 2599,1**

**Tasıw hám saqlaw**
**4047,3**

**Mádeniyat, kewil ashiw hám dem aliw**
**2393,0**

**Málimleme hám baylanıs**
**3461,4**

**Basqa ekonomikalıq xızmet túrleri**
**3250,1**